# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–02 मई 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले हवे कि गुणवत्तापरक सिक्षा बदे सज्जो प्राविधिक संस्थान एनबीए, एआईआरएफ अउर नैक मूल्यांकन खातिर आगे आवें। मुख्यमंत्री आजु लखनऊ में तकनीकी अउर व्यावसायिक शिक्षा विभागन के समीक्षा बइठकी क अध्यक्षता करत ई बाति कहलें। उहां के प्राविधिक अउर व्यावसायिक सिक्षा में नवाचारन के समावेस अउर ब्यौहारिक प्रसिक्षण के सर्वोच्च प्राथमिकता दिहले के जरूरति पर जोर दिहलीं। मुख्यमंत्री कहलें कि पछिला आठ सालि में तकनीकी सिक्षा के अउरियो सुलभ, गुणवत्तापरक, नवाचारपरक अउर परिणामोन्मुखी बनवले के दिसा में राज्य सरकार कई गो ठोस पहल कइले हवे, जेकर बढ़िया रेजल्ट सामने आइल हवे। बइठकी में प्राविधिक सिक्षा मंत्री आशीष पटेल आ व्यावसायिक सिक्षा मंत्री कपिल देव अग्रवालो मौजूद रहलें।

**********

बाईसवीं अखिल भारतीय अंतर कृषि विश्वविद्यालयी खेलकूद महोत्सव अयोध्या के आचार्य नरेंद्र देव कृषि अउर प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय में आजु से सुरू भइल खेलकूद महोत्सव में चौबीस राज्यन क खेलाड़ी हिस्सा ले रहल हवें। राज्यपाल आनंदी बेन पटेल मशाल जला के महोत्सव क उद्घाटन कइलिनि। येह मौका पर उहां के कहलिनि कि देस के आगे बढ़ावे में खेलिन क खास महत्व हवे। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी ने खेलो इंडिया क शुरूआत कइलें। जेह में युवा बढ़ चढ़ के हिस्सा लिहलें। येह से ओन्हें आगे बढ़ले क मौका मिलल। राज्यपाल कहलीं कि इंटर तक ले के स्कूलनों में खेल कूद प्रतियोगिता करवले से हमार देस ससक्त बनी अउर आगे बढ़ी।

**********

वेव्स शिखर सम्मेलन में वैश्विक मीडिया संवाद आजु भिन्नही मुंबई के जियो वर्ल्ड कन्वेंशन सेंटर में सुरू भइल। ई आयोजन वैश्विक मीडिया अउर मनोरंजन परिदृश्य के साथे भारत के जुड़ाव के दिसा में एगो खास उपलब्धि हवे।

विदेश मंत्री डॉ सुब्रह्मण्यम जयशंकर उद्घाटन सत्र के संबोधित करत कहलें कि प्रौद्योगिकी अउर परंपरा के मिलि के साथे साथे चले के चाही। येह मौका पर सूचना अउर प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलें कि संस्कृतिये रचनात्मकता के प्रेरित करे ले अउर ई सीमा के पारो लोगिन के जोड़े ले। कार्यक्रम के दौरान सूचना अउर प्रसारण राज्य मंत्री डॉ. एल. मुरुगन आ सूचना अउर प्रसारण सचिव संजय जाजू भी मौजूद रहलें।

**********

प्रदेस सरकार समूह ग बदे अनिवार्य प्रारम्भिक अहर्ता परीक्षा पीईटी के वैधता क समय–सीमा तीनि सालि कइ दिहले हवे। एहसे उत्तर प्रदेस अधीनस्थ सेवा चयन आयोग क ई परीक्षा पास कइले के बाद अब अभ्यर्थी तीनि सालि ले समूह ग के भरती बदे आवेदन कइ सकिहें। येहसे पहिले ई समय–सीमा एक बरिस रहल। येह बारे में भेजल गइल संसोधित सासनादेस के हिसाबि से एकर फायदा बरिस दुइ हजार पचीस में आ ओकरे बादे आयोजित होखे वाले पीईटी परीक्षा के अभ्यर्थियन के मिली।

**********

उत्तराखंड के रुद्रप्रयाग जिला के विश्व प्रसिद्ध केदारनाथ धाम क कपाट आजु भिन्ही सात बजे विधि विधान से वैदिक मंत्रोच्चार अउर विशेष पूजा–अर्चना के साथे सरधलुअन के दरसन बदे खोल दिहल गइल। पेस हवे एगो रिपोर्ट–

**आज प्रातः पूरे विधि विधान और मंत्रोच्चार के बीच केदारनाथ धाम के कपाट श्रद्धालुओं के लिए खोल दिए गए। इस पावन अवसर पर बड़ी संख्या में श्रद्धालु मौजूद रहे। कपाट खुलते ही केदार घाटी हर–हर महादेव और जय बाबा केदार के नारों से गूंज उठी। इस वर्ष यात्रा के दौरान श्रद्धालुओं की सुविधा और सुरक्षा को ध्यान में रखते हुए प्रशासन द्वारा व्यापक प्रबंध किए गए हैं। मंदिर परिसर में पर्याप्त संख्या में पुलिस बल, आपदा राहत टीमें, चिकित्सीय स्टाफ और स्वच्छता कर्मियों की तैनाती की गई है ताकि दर्शनार्थियों को किसी प्रकार की असुविधा न हो। संतोष थपलियाल, आकाशवाणी समाचार, देहरादून।**

**********

प्रदेस के कई गो पश्छिमी जिलन में कुछु जगहिन पर आजु गरज चमक के साथे बरखा भइल। कई गो जगहिन से बज्रपात अउर पाथर पड़लहू क सूचना हौ। ओहीं पूरबी उत्तर प्रदेस में आजु दिन में मौसम साफ रहल। पश्चिमी उत्तर प्रदेश अमरोहा, सहारनपुर, हापुड़, इटावा, मैनपुरी, मेरठ, बदायूं, शामली अउर हमीरपुर में हलुकाहे से लेके तेज बरखा भइल। येह दौरान येह जिलन में कई गो जगहिन पर तेज बयारो चलल। मौसम विज्ञान विभाग आवे वाले दिनन में बरखा भइले क आगम जगवले हवे। एगो रिपोर्ट–

**मौसम विज्ञान विभाग ने संभावना जताई है कि आज और अगले दो दिनों तक प्रदेश में कई स्थानों पर गरज चमक के साथ वर्षा होगी और कुछ स्थानों पर बौछारें भी पड़ेंगी। इस दौरान पच्चीस से पैंतिस किलोमीटर प्रति घंटी की गति से तेज सतही हवाएं चलने की भी संभावना है। इस अवधि में कहीं कहीं वज्रपात और झोंकेदार हवाओं के चलने को लेकर भी चेतावनी दी गई है। समाचार कक्ष से मैं वेद प्रकाश पाठक।**

**********

प्रधानमंत्री आवास योजना ग्रामीण के तहत पात्र परिवारन के सर्वेक्षण क समय सीमा पनरह दिन खातिर बढ़ा दिहल गइल हवे। प्रदेस में ई सर्वेक्षण तीस अप्रैल ले खतम होखे के रहल। योजना के तहत सर्वेक्षण क काम अब पनरह मई ले चली।

**********